



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GO SEMI: BIWO GOUVÈNÈ A POU EKSPANSYON, JESYON, AK ENTEGRASYON SEMIKONDIKTÈ A

Biwo a pral dirije epi santralize efò pou mete anplas 100 milya dola investisman Micron an nan Santral New York

Devlope epi fè règleman yo pwogrese pou atire sektè semikondiktè, chèn apwovizyonman an, ak travayè ki kalifye nan New York

Kowòdone devlopman mendèv ak investisman kominotè pou soutni kominote lokal la

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse GO SEMI: Biwo Gouvènè a pou Ekspansyon, Jesyon ak Entegrasyon Semikondiktè pou sipèvize investisman istorik 100 milyon dola nan Micron an pou yon nouvo mega faktori nan Santral New York pou dirije yon efò ki pi laj pou devlope sektè semikondiktè New York la nan kad Diskou sou Sitiyasyon Eta a an 2023 a. GO SEMI, ki dirije pa Empire State Development, ap sipòte pa ekspè ki soti nan divès ajans eta a epi l ap travay nan kowòdinasyon ak patnè federal ak lokal nou yo epi sipèvize investisman nan sektè semikondiktè a, epi l ap fasone epi aplike yon modèl nasyonal ki pi laj pou maksimize sektè a ak retou kominotè pou patenarya piblik/prive sa yo.

"Investisman istorik nan Micron nan Eta New York ap kreye plizyè milye djòb, semante lidèchip fabrikasyon nou an, epi se yon testaman pou biznis yo wè opòtinite pou relokalize, grandi epi pwospere nan eta nou an" **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo biwo GO SEMI ki vize lwen nou an ap apiye dinamik revosyonè sa, k ap reyini patnè sektè piblik ak prive yo ansanm pou atire plis investisman, djòb, ak biznis toujou nan Eta New York."

Kreyasyon GO SEMI an vini apre [investisman](#) san presedan 100 milya dola Micron an nan Santral New York pou konstui pi gwo faktori kat memwa nan mond lan, ak opòtinite san presedan pou kwasans ki abouti sou pwogram Green CHIPS New York la ak Lwa sou CHIPS ak Syans federal la. Pwojè Micron an se te rezilta yon [partenarya](#) istorik federal, eta ak lokal ke Gouvènè Hochul, Lidè Majorite Sena Ameriken an Charles Schumer ak Kad Egzekitif Konte Onondaga, Ryan McMahon te dirije.

Micron ap kreye apeprè 50,000 djòb nan tout eta a - 9,000 nouvo travay Micron ki byen peye avèk yon salè mwayen anyèl ki depase 100,000 dola ak plis pase 40,000 travay kominotè - epi kreye plizyè milye travay nan konstriksyon avèk salè ki anvigè. Lè li fini, konplèks la ap genyen ladan pi gwo espas chanm pwòp nan peyi a nan apeprè 2.4 milyon pye kare, gwosè a prèske 40 teren foutbòl Ameriken.

Konfòmman avèk Lwa Green CHIPS (Green CHIPS Act) Eta New York ki pi enpòtan nan peyi a, Micron pral tire elektrisite li nan sous 100 pousan renouvlab epi pran angajman gran anvègi nan zafè dirabilite. Micron pral aplike tou yon kad investisman kominotè demi milya dola pou asire ke pwojè a benefisye moun ak kominote yo nan Sant New York.

GO SEMI ap dirije epi santralize efò pou mete anplas pwojè Micron an; devlope epi fè règleman yo pwogrese pou atire sektè semikondiktè a ak chèn apwovizyonman li a; kowòdine devlopman mendèv ak investisman kominotè ant patnè lokal, eta, federal, ak prive yo; dirije efò pou kreye, atire epi konsève mendèv wotman kalifye ki nesèsè yo; epi sipòte devlopman ini ki konsantre sou prensip kwasans entelijan yo.

GO SEMI ap travay depre ak investisman istorik Micron an ajoute sou endistri semikondiktè New York ki deja solid la. Kounye a, New York abrite 76 konpayi semikondiktè ki anplwaye plis pase 34,000 Nouyòkè, ki gen ladan lidè endistri mondyal tankou GlobalFoundries, Wolfspeed, onsemi, ak IBM. New York abrite tou konplèks Albany Nanotech ki gen renome nan mond lan ki se yon patenarya piblik-prive ki gen plizyè milya dola, ki gen ladan l yon enstalasyon rechèch ak devlopman semikondiktè 300 milimèt ki pi avanse, ke piblik la posede, ki pi avanse ak 300 milimèt epi ki rasanble premye inivèsite yo ak dirijan nan endistri a pou reyalize devlopman pis dènye kri.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Akò istorik epi ki pote transfòmasyon Micron an demontre pouvwa patenarya piblik prive nan chak nivo pou pote benefis ki tanjib pou moun Eta New York. GO-SEMI ap pèmèt ekspè nan ajans eta yo travay nan kolaborasyon pou mete anplas plan ak politik k ap primòdyal pou siksè Eta New York nan domèn kle tankou devlopman mendèv, kwasans entelijan, investisman kominotè, dirabilite ak lòt eleman ki enpòtan epi fikse yon modèl pou kwasans ki ekitab epi dirab nan sektè semikondiktè a pou rès peyi a swiv."

Anplis Empire State Development an, ajans ak otorite ki patisipe yo se, Depatman Travay (Department of Labor), Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji New York (New York State Energy Research and Development Authority), Otorite Enèji New York (New York Power Authority), Depatman Transpò (Department of Transportation), Depatman Deta (Department of State), Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation), Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal), Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service) ak State University of New York ak NY CREATES.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418